Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и
Щ1ыхь тхыгъэр К1ал1мыкъ Ж. А. етыным и Iуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Кавказ Ищхъэрэм щ1ипсэу лъэпкъхэм я тхыдэр джыным хуищ1а хэлъхьэныгъэшхэм, жылагъуэ Iуэхуэм жыджэру зэрыхэтым папщ1э Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **К1ал1мыкъ Жылэбий Адэрбий и къуэм** - «Бэрбэч Хь. М. и ц1эр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щ1ра-гъэГъуэт къэрал Iуэхущ1апI1эм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ипсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнологиемк1э и кафедрэм и доцентым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Налшык къалэ
2010 гъэм щ1ышылэм и 15-м
№1-УП

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩК1У

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 Л1ЫАНДЭРЭ К1ЫДОК1

№8 (21.666) ● 2010 гъэм щ1ышылэм (январым) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок1 ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Кавказ Ищхъэрэм щы1э гугъуехьхэр дигъак1ыну щогугъ

УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 Нарышкин Сергей дыгъуасэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хнубыдэ субъектхэм я унафэщ1хэм Ставрополь къал1эм щ1ригъэщ1ыхуащ округыщ1эм и Iэтащхьэ Хлопонин Александр. УФ-м и вице-премьер, Урысейм и Президентым и полномочнэ лыкI1эм, Нарышкин Сергей зэрыжи1амк1э, къал1эм инхэр къыпэщ1ыщ. Псом я1эу абы и пщэ дальхьаехэм я щыщыщ мы щынал1ым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щ1эгъэхуэбжьныр, предприятэщ1эхэр къызэрэпэщ1ыным, производствэм зегъэужьыным, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ дгъэныкIымк1э хабзэхъуэмэ органхэм ирагъэк1уэк1 л1эжыгъэр зэгъэуIуным я1ыщ1а Iуэхуэхэр.

КЪЭБЭРДЕЙ -Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кыз1эрилытэмк1э, Хлопонин Александр жэрдэм зыхэль унафэщ1 акъылыфI1щ. Абы и зэфI1эк1ыр на1уэ кхъухьащ Красноярск крайм и губернатору щ1ылэжьа ильэсхэм. Ар бизнесыщ-хуэм кыцхэмк1э политикщ1ик1э, щ1эм тету гупсысэ дэтхэнэ зым хуэдэу, ди жылагъуэ гъащ1эм и Iэнат1э куэдым зэхъуэкIыныгъэ инхэр щегъэк1уэжьн зэрыхуейр фIыуэ кыз-зыгурыIуэщ. Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий хуитыныгъэшхэ зыбгъэдэлъ и л1ыкI1э Кавказ Ищхъэрэм щы1эн хуейуэ зэрыжи1ар щ1ыхуэхэм дыгъэт и ик1и къащтат, апхуэдэу кыцызитеувыIэнк1э хъуну кандидатурэм и Iуэхуми упщ1э куэд къишащ.

«Сэ кыцызэрыс1эщ1ымк1э, а унафэр кыцызэрымыкIуэщ ик1и ик1ыкI1э кьеозэгъщ. Хлопонин Александр опытышхуэ зи1э иджырей менеджерщ, щ1ынал1эшхуэм и Iэтащхьэщ. Ар Кавказ Ищхъэрэм зэрыщымыщми мыхьынэ хэха и1эщ. Пэжщ, ди щ1ынал1эм и гъащ1эм зыхигъэгъуэзэн щхьэк1э зэман хуейщ. Аущ нэхъыщхьэр, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1м и къуэдэу щытк1эрэ, федеральнэ округыщ1эм и экономикэм пыщ1а мыхьэнэшхуэ зи1э кьал1энхэр гъ.ззэщ1эным хэкIыпIэхэр кыхуигъуэтыгъфынуф.

Кавказ Ищхъэрэр щы1ал1э щхьэхуэгъ зэрагъэувам и гугъу тщ1ымэ, абы гугъэфIхэр изопх - зи социально-экономикэ щытыкIэр зэхуэдэ щ1ыпIэхэм я Iуэхуэхэр нэхъ фейдэ пыл1у дгъэныкIымк1э Iэмал1ыфIхэр кьахуэзэригъэпэщ1ынуц», - кьыхигъэщ1ьэхук1ащ Къанокъуэ Арсен.

Кавказ Ищхъэрэр щы1ал1э щхьэхуэгъ дгъэкIыным УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкI1эмрэ КЪР-м и Президентымрэ зэрыбгъэдыхьэ щ1ыкIэр зэрыз1этехуэр «Взгляд» газетым ирита интервьюм кхъщ1ыхигъащ1ащ УФ-м и Къэрал Думэм Щ1ынагъуэншагъэмк1э и комитетым и унафэщ1ым и къуэдэ Гудков Геннадий. Абы жи1ащ «Хлопониныр Кавказым щы1э унафэщ1 л1ъащхэ, кьащтэмэ, Къанокъуэ Арсен, Ингушым и Президентыщ1эм, Кадыров Рамзан сым» я1гурыIуэну кыз1эрилытэр. Абыхэм вице-премьерым зэрыдэлэжьэну Iмалхэр кьалыхьэнущ, щ1ынал1эм зэрызэнужьыну социально-экономикэ программэр ик1эщ1ыпIэкIэ зэхэлъхьэу я1гъ1эщ1эн зэрыхуейм кхъухэкIыу.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апI1эм и пэжькIуэ.

Генерал-полковник К1уэк1уэ Юрэ Л1ыгъэм и орденыр ет.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Л1ыгъэм и орденыр зыхуагъэфэщахэм я Iыхьлыхэм иратыж

Къэрал къУэц1 Iуэхуэхэмк1э министерствэу КъБР-м щы1эм я ил1эс л1эжьыгъэм кърик1уахэр щы1эхал1ьхьэжа зэIуущ1э ек1уэк1ащ.

Абы хэтащ УФ-м и МВД-м Экстремизмэм ебэныныкI1э и департаментым и унафэщ1 милицэм и генерал-полковник **К1уэк1уэ Юрэ**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щы1э **Вербицкий Алексей**, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Чеченов Ануар**, КъБР-м Экономикэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмк1э и советым и секретарь **Кумыщ Мухьэрбий**, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщ1 **Мер Юрэ**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**, Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щы1эм и унафэщ1 **Сердюк Владимир**, УФ-м и прокуратурэм Следствием-к1э и комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щы1эм и Iэтащхьэ **Устэ Валерэ**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафащ1ым и къал1энхэр зыгъэзащ1э **Жамбора Владимир** УФ-м и МВД-м и Краснодар университетым и къудамэу Налшык щы1эм и тхьэмадэ **Щхьэгъэпсо Зауби́й**, республикэм и хабзэхъуэмэ органхэм я л1ыкI1эхэр.

Ильэс л1эжьыгъэм тепсэлъыхьыкIи и пэ кьыхуэу Урысейм къэрал к1уэц1 Iуэхуэхэмк1э и министр Нургалиев Рашид кьал1эн я1ащ1ыгъэ пщэрылъыр зэфIагъэк1ащ. Иужьрей ильэситIым я кьал1эн я1гъэзащ1эу хэкIуэда хабзэхъуэмэхэу Аджий Адмир, Кьанло Хьусен, Мэжджахь Арсен, Нэгъуей Азэмэт, Сарбашев Магомет, Сижажэ Алим, ТхьэкIумащ1э Хьэсэн сымэ къагъэлъэгъуэ л1ыгъэм, хахуагъэмрэ псэемыблэжьныгъэмрэ папщ1э УФ-м и Президентым и УнафэкIэ хуагъэфэща Л1ыгъэм и орденхэр зэIуущ1эм кърагъэблагъэ абыхэм я Iыхьлыхэм яритыжащ К1уэк1уэ Юрэ.

- Ди Iыхьхэм я мамыр псэук1эм зи гъащ1эр щхьэхэк1уэдахэм я Iыхьлыхэм захуигъэзащ1э генерал-полковник К1уэк1уэм.

Абы и ужькIэ къэпсэльа **Томчак Юрэ**къыхигъэщащ л1ъахэм мамырыгъэмрэ зэпI1эзэриты ныгъэмрэ кыцыщ1эзгъэпэщ1ыным я къурур нэхъри зэрыхуэзащ1агъэуIуэр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныным гулыIэ тэ хэха зэрыхуащ1ыр. ИратъэкIуэк1а Iуэхуэгъуэхэм япкъ и ик1э, Iэщ1ык1э зэщ1эузэда бзаджащ1э гупхэм ящ1ыщ куэд я1гъэк1уэдащ, яубыдащ, езыхэм я фIэфIыныгъэк1э зыкъ1атащ зыбжанэм. Бзаджащ1эхэм я егъэзыпIэу 150-м щ1игъу къыхуатащ, Iэщ1э зэмыл1эужьыгъуэу, шэрэ къагъ1ауэ Iэмэпсымэу куэд къытрахащ.

Зи къалэн зыгъэзащ1эу хэкIуэдахэр зэи зэращ1ымыгъ1упщэнур, абыхэм ящ1ыщ 11-м я ц1эр уэрамхэм, щеджа курыт еджапIэхэм зэрыфIащар кьыхигъэщащ. Хахуагъэрэ л1ыгъэрэ кьагъэл1агъуэу зи псэм емылъэжа хабзэхъуэмэхэм я Щ1ыхь аллее кьызэIуэхащ, жэпуэгъуэм и 13-р зи кьал1эн зыгъэзащ1эу хэкIуэда хабзэхъуэмэхэм я фэепл1ъ махуэу я1гъэуващ. Зи ц1эр дыщэпскIэ тхыдэм хатхахэри абыхэм я1эт1щ.

2007 - 2009 гъэхэм зи кьал1эн зыгъэзащ1эу хэкIуэдахэм я унагъуэхэм дэIепыкъ1ныгъэу сом мелуан 56-рэ хухахащ. И1ужь зэманым еджапIэ нэхъыщхьэхэм щ1агъэтIысхьащ апхуэдэу унафэщ1хэм я1ащ1ыгъэ хэкIуэда Мэжджыхь Арсен и щхьэгъусэ **Руэ́ннэ**.

АдэкIэ МВД-м и етIуанэ кьатым щагъэувэ Фэеплъ пхъэбгъуэм деж хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм уд гъэгъ1ахэр щагъэтIысIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зэлэжьынухэр яубзыху

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Щ1ынагъуэ Iэнат1эхэмк1э и комиссэм хэтхэм я ял1э зэIуущ1эр дыгъуасэ ек1уэк1ащ. Абы щы-тепсэлъыхьащ комиссэм и пщэ кьыдэхуэ кьал1энхэр зыхуэдэм, абыхэм ящ1ыщ я1э игъэщ1ихьэ Iуэхугъуэхэм.

КОМИССЭМ и тхьэмадэ Вэрокъуэ Владимир зэIуущ1эр кьызэIуихри, тхьэмадэм и кьуэдзэхэр псом я1эу хахащ. Кьызэхуэсахэр зэдзэрэзыуэ а кьал1энхэр пщэрылъ щ1ащ1ыщ КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ усакIуэ СозаевАхьмэтрэ Кульбаев Сультl1анрэ. Апхуэдэуи КъБР-м и Щ1ал1эгъуэл1 правительствэм и унафэщ1 Щокъарэ Залинэ секретару я1гъэуващ.

Комиссэр зэрыл1эжьэну щ1ыкI1эр щ1ауб1ыхьи, къудамиц1 кьызэрарзэп1эщ1 (фэеплъ сынхэм як1эльыпIлъыныкI1э, тхылъ кьыдэгъэкIыныкI1э, телевидензмрэ Интернетымк1э) абыхэм я тхьэмадэхэр щ1ил1эжьнуэхэри хащ.

Кьызэхуэсахэм адэк1э зэгъебелджылащ 2010 гъэм и я1э мазищым ирагъэжьк1ыну Iуэхугъуэхэр, гу нэхъ зылъытапхъэхэр.

НЭЩ1ЭПЫДЖЭ Замир.

● ЩIэ

Европэм дыпеуэну?

«Freeda Moon» - араш зэреджэр Бахъсэн щы1э трикотаж фабрикэм хэту ик1ыбл1агъэ зэ1эщ1эуIуа фирмэм. Абы и унафэщ1 Мун Фридэ къызэригъэпэщащ1ащ зэманым деку ц1ыхубэ щы1ым зыд уней Iэнат1э. Уасэ ез1эгъыраб1ъук1э абы щад Европэм къыщ1ащ1агъэк1эжьм хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфын, фIагъ ь1агъ зи1э щэк1ыфIхэм къыхэщ1ыкIа щы1ыныгъуэхэр (щ1ыпIэтIыжхэм щегъэжьагъуэ абий хьэпщ1ыпхэм деж щы1щ1эк1ыжу).

ЕВРОПЭМ щы1гъын кьыщ1эзыгъэк1 и Iэнат1эм и лэжьыгъэ п1ал1ъэм фIыуэ щы-гъуазэ Мун Фридэ зэрыжи-Iэмк1э, модэм ез1эгъ, европей жыпхэхэм ит щы1гъын л1эу-жьыгъуэхэр зыд Iуэхущ1апI1э кьал1эм къыщ1эзэ1ухынымк1э жэрдэмыр зейр Бахъсэн кьал1э админ истрацэм и Iэтащхьэ Быф Анатолащ. Иджы фабрикэм къыщ1ыпщэху хъунущ бэлъто, бостей, кэптал, кIэстум ек1ыхэр.

Уней Iуэхущ1апI1эм и къызэгъэзащ1ак1уэхэм я гугъэщ къыщ1агъэк1 хьэпшыпхэр щащэ тыкуэн зыбжанэ республикэм абы и щ1ыбми 2010 гъэм къыщ1ызэ1ыуачыну, фирмэм щ1ылажьэ ц1ыху бжьгъэм хагъэхъуэну.

ТЭТЭР Маринэ.

ДЫЗЭРЫСЫ1А ильэсым и пэщ1эдзэм щегъэжьауэ зыкъыраIуэ Iэщ1эмыл1 Iуэхущ1апI1эу зи школ к1уэгъуэ нэмысахэр зэк1уал1Iэхэм (апхуэдэ Iуэхущ1апI1эу КъБР-м зэк1э зы щы1эу араш) адэанэхэм ират ахъшэм щы1щ Iыхьэр хуапшыныжьынущ. КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ ирегъэк1уэк1а зэIуущ1эм апхуэдэу щыжи1ащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

Альандэрэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зрату щы-тар зи бынэр къэрал, муниципальнэ сабий садхэм зыгъак1уэ адэ-анэхэрщ. 2009 гъэм къриубыдэу ДЫЗЭРЫСЫ1А ильэсым и пэщ1эдзэм щегъэжьауэ зыкъыраIуэ Iэщ1эмыл1 Iуэхущ1апI1эу зи школ к1уэгъуэ нэмысахэр зэк1уал1Iэхэм (апхуэдэ Iуэхущ1апI1эу КъБР-м зэк1э зы щы1эу араш) адэанэхэм ират ахъшэм щы1щ Iыхьэр хуапшыныжьынущ. КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ ирегъэк1уэк1а зэIуущ1эм апхуэдэу щыжи1ащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

Альандэрэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зрату щы-тар зи бынэр къэрал, муниципальнэ сабий садхэм зыгъак1уэ адэ-анэхэрщ. 2009 гъэм къриубыдэу адэ-анэ 27284-м апхуэдэ ахъшэу сом мелуан 36-м щ1игъу хуапшыныжащ. Абы щы1щу сом мелуан 34-м щ1игъур федеральнэ бюджетым, сом мелуани 2-м нэблагъэр республикэ бюджетым къауIыщащ.

КОНАКОВХьэсэн.

● КъБР-м и Правительствэм

Щ1ат пщ1эм щы1щ Iыхьэр хуапшыныж

Щ1ыр иджыри мэхъей

Дыгъуасэ Гаитим щ1ыр иджыри зэ щ1ыхьеящ. США-м и геологие Iуэхущ1апI1эм къыз1эритымк1э, абы балли 6,1-рэ и инагъыу щ1ытащ. Абы хэк1уэдар, зэхикъутар зыхуэдизым тету-хуа хьыбар зэк1э щы1э-къым.

Щ1ыр я1эу зэрыхьэрэр тхьэмахуэм щ1игъуа пэтми, кьелахэр нобэр къыздэсым унэ къутахуэхэм кьыхахьыж. Дыгъуасэ зэхуэдэу къагъуэтыжащ щ1ыхуищ. Щ1ыхуэр кьэтIыхьэныр Гаитим и властым хуэмурэ щегъэт. Унэ кьутахуэхэр зэрыIуатхъу техникэ хьэлъэр л1ъжьагъэ Iэнат1эм ирагъэжьащ1ауэ щ1адзащ, абы пс1уэу кьела ц1ыху хэлъыми ямыщ1эу.

Гаитим и властым я1эу игъэIуащ хэкIуэдахэм я бжьгъэр - ахэр ц1ыху мин 75-м щ1егъу, мин 250-м фэбжь хахащ.

Зэуэ 8 ик1ри...

США-м и К1уэк1Iыпl1эм л1эныкъуэмк1э щ1ыI1э полицэмрэ спецназымрэ махунт1 хьуауэ и ужь итщ эш щ1эпхьаджащ1э убыдыным. Абы щ1ыхуий Iэщ1эук1ащ. И пэрыуагъэм полицейхэр е1ъэгуавэ - уэгум ит полицей вертолетым к1эрахьуэк1э техуэфащ.

Апхуэдизу щ1эпхьаджагъэ зылъэжьа Кристофер Спейт Вирджиние штатым и Апомадакс къалэм щ1ыщ. Абы зы унагъуэм ц1ыхуи 8 зэуэ щ1ик1ащ. Ар кьыхэзыхэ1а щхьэусыгъуэхэм зэк1э полицэр щ1ыгъаззкым.

Дэм кьулыкъу апхуэдэ зэуэк1эми Iэщ1эIыгъык1эми фIыуэ щ1ыгъаззэ щ1эпхьаджащ1эм мэзым зыщ1ы-гъэщк1уащ. Ар здэщ1э щ1ынал1эр полицэм кьуэхъуреихащ.

Л1ыгъэр зыхьхъэзыгъар ГЪУЩ1О Зарифи.

Лъэпкъ Iуущ1ыгъэ:

И адэм и щэн и къуэм кьыхохуэ.

● Прохладнэ куей

Пщал1ъэм езэгъыу

Мы зэман гъунэгъум Прохладнэ муниципальнэ районым пкъыгъуэ пыдзахуэ бы-дзэхэр щы1щ1ат1эну щ1ыпIэр ухуэн щы1щ1адзэнущ.

АБЫ ХУХАХА гектари 2-р Прималкинскэ къуажэм километри 2,5-к1э пыIухауэ «Прохладнэ - Новэ-Полтавскэ» автомобиль гъэугум кьыбгъурыIыщ. Ар я1гъэва санитар пщал1ъэм йозагъэ.

Прималкинскэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Мосиеев Николай зэрыжи1амк1э, я щ1ыпIэ бюджетым щы-щу сом мин 500-м нэблагъэ а Iуэхум хухахынущ. Проектсметэ тхыльхэм я1ыкъ ик1ыIэ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр «Капиталспецтранс» ООО-м иригъэк1ыжынущ. Пхъэнкий идзыпIэщ1эр хьэзыр зэрыхъуу, метр 500-к1э фIэк1а къуажэм гэмыжьажьэу щы1эр зэхуащ1ыжьынущ.

ЛУПЫРЕВЭ Ириня.

● Тхылъыщ1э

И жинтыр гъэщ1эрэщ1ами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхылъым ит сурэтхэр Iупщ1ыкъым, абыхэм ящ1ыщ куэд Хьэфыщ1э Мухьэмэд и тхылъ «Хамэщ1ым вагъуэхэр щоужьых» я1эк1 и къыщрахьыжьым иныIуэ ящ1ри, я фIагъыр к1уэдащ.

ХьэрыпыбзэкIэ кьыдэк1а тхылъым еджэгъуафIэщ, лъэпкъ тхылъэм дихьэххэм я деж1э щхьэпэщ.

КЪАЛМ1КЪ Аднан.

Ц1ыхуищэм я гугъу щещ1

«Адыгэ цIэрыIуэхэр» - араш зэреджэр Иорданым къышыдэк1а тхылым. Ар зыгъэхьэзырар Хьэбт1ыщ Фейсалщ. Амман къал1э дэт Адыгэ Фыщ1э Хасэм и юбилейм траухуащ мы тхылъыр.

АБЫ ИХУАЩ ц1ыхуищэм я гъащ1э тхыдэр, дэтхэнэми я сурэт щы1гъуэку. Хьэбт1ыщ Фейсал щ1эрыIуэхэм яжебжэ Мысырым тепщэу щыщыта щэрджэс сульт1анхэр (1385 - 1517 гъгъ.), Иорданым, Сирием, Тыркум, Германием щ1ипсэуа е щ1ипсэу дзэзешэхэр, тхакIуэхэр, кьрал, жылагъуэ л1эжьак1уэхэр, щ1эныгъэл1эхэр, спортсменхэр (Беркъуку, Инал, Алий-бей ал-Кабир, Наурзокъуэ Мыхьмуд, Жэрыщты Исмэхьил, Кубэ Щ1эбан, ГъукIэ Яшар, н).

Урыс пащтыкъыпрэ Совет Союзымрэ яхуэлэжьаxэм тхылъыр зэхэзыльхьам «нэмыпл1» ярет. Дауэ щ1ымытми, щэрджэс пажэхэм Хьэбт1ыщым яхигъэхьащ ди тхакIуэ ц1эрыIуэхэр - Щ1ощ1эн-ц1ыкIу Алий, Пащ1э Бэчмырзэ, Хьэдзгъэл1 Аскэр сымэ.

И жинтыр гъэщ1эрэщ1ами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхылъым ит сурэтхэр Iупщ1ыкъым, абыхэм ящ1ыщ куэд Хьэфыщ1э Мухьэмэд и тхылъ «Хамэщ1ым вагъуэхэр щоужьых» я1эк1 и къыщрахьыжьым иныIуэ ящ1ри, я фIагъыр к1уэдащ.

ХьэрыпыбзэкIэ кьыдэк1а тхылъым еджэгъуафIэщ, лъэпкъ тхылъэм дихьэххэм я деж1э щхьэпэщ.

КЪАЛМ1КЪ Аднан.



«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ



Ди щ1эджыкIак1уэ л1ъапIэхэ!

Фигу къыдогъэк1ыж 2010 гъэм мазаем и 1-м щыщ1эдзауэ къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм I1э тедзэныр зэрек1уэк1ыр.

Мазитхуи ди газетым и уасэщ сом 296-рэ к1эпIейк1э 75-рэ.

«Адыгэ псалъэм» I1э щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апI1э псоми.

Ди индексыр 51531

Спорт пэшыр зэрагъэпэщ1ыж

АБХЪАЗ. *Сыхъум кьаз дэт «Спартак» спортзалыр зэгъэпэщ1ыжьын щ1адзащ.*

К1ал1эм и Iэтащхьэ Лабахуа Алиас зэрыжи1амк1э, курмы-абхъаз зауэм л1ъандэрэ мылажьэщ щыта пэшыр иджырей зэманым и пщал1ъэхэм къезэгъуу зэрагъэпэщ1ыжынущ. Абы спорт зэмыл1эужьыгъуэхэм защ1ыхьэбгъасэ, ущ1ыджэгу хъунущ.

Къащ1ащ1а1акъым

Республикэм и л1ыкI1эу ООН-м и мисием хэту Гаити щы1эхэм щ1ынал1эм щ1ыр щ1ыщ1ыхьеям къащ1ащ1а1акъым.

Бизнес-центр яухуэ

АДЫГЕЙ. *2010 гъэм Мейкъуэпэ ухуэн щы1щ1адзэнущ доллар мелуан 18 и уасэ бизнес-центр. Проектым къыз1эрыщ1ъэл1ъэгъуэмк1э, ар къат куэду зэтет, зи л1ъабжьэм машинэхэр щагъэув, офисхэр, сату щ1ыпIэхэр, хъущ1эщхэр зыхэт уухуэныгъэщ.*

2009 ГЪЭМ Мейкъуэпэ къал1э администрацэм инвестицэ зэгурыIуэныгъэ ирищ1ыл1ащ «Кавказ-Регион-Строй» ООО-м. Проект-сметэ дэфтэрхэм елэжьыным ильэс ныкъуэ тек1уэдэнущ, фокIадэм нэхъ к1ас1э мыхъуу кьэщ1тэныгъэхэр ирагъэк1уэк1ынурэ ильэсым и к1эм бизнес-центр уухуэным щ1ал1эжьэну.

Республикэм зеужь

Тхьэк1ушынэ Аслъэндзэрий иджыблагъэ журналистхэм я1уIащ1ащ ик1и ильэсищк1э зыпэрыта президент къулыкъум щыхуэдэк1ак1эмрэ зыхунэмысу къэнахэмрэ яхутепсэлъыхьащ.

ЗЭIУЩ1ЭМ кърихьэл1ахэм яхэтащ «Известия-Юг», «Прайм-Тайм», «Аргументы и факты – Адыгея», «Южный Федеральный», «Российская газета», «Советская Адыгея», «Адыгэ макъ» газетхэм, нэгъуэщ1 хьыбарегъащ1э Iэнат1эхэми я лэжьак1уэхэр. Республикэм теухуауэ я1гъэхьэзыр тхыгъэ, нэтын купщафIэхэм папщ1э Тхьэк1ушынэ Аслъэндзэрий журналистхэм фIыщ1э яхуищ1ащ.

Президентым жи1ащ дунейпсо кризисым щхьэк1э къэмынэу, республикэм и экономикэ, инвестицэ лэжьыгъэхэм зэрызыужь зэпытыр, бюджет Iэнат1эм Iутхэм я псэук1эр зэрагъэпэщ1ыну, псэуалъэк1э ахэр кьызэрызэрагъэпэщ1ыр, нэгъуэщ1хэри.

ХЬЭЩ1ЫК1УЕЙ Олег.

● Тек1уэныгъэ-65

Зыри тщ1ыгъупщ1ак1ым

Нэгъабэ л1ъандэрэ ди къэралым щок1уэк1 «Тек1уэныгъэм и вагъуэбз» урысейпсо акцэр. Нэхъ блэк1ам и дыгъэгъазэм абы хьыхьащ ди республикэм и курыт школхэрн. Iуэху дахэм и къалэн нэхъыщхьэр щхьэхуитныныгъэ къытхуэзыхьа щ1ыхуэм я ц1ыхубэм я1эн щ1ыпIэхэр щ1ыгъэнущ.

АКЦЭМ нэщэнэ хэхан и1эщ. Апхуэдэхэщ Хэку зауэшхуэм и ветеранэм я ц1эхэр зытет сэлэт бэльтоку щ1ык1Iухэмрэ ныбжьыщ1эхэм я хьэпсапI1эхэр зратхэ «Мамырыгъэм хуэгъэпсау» тхылъымрэ. А нэщэнэхэр зэIэпахыуэрэ, кьал1эм и курыт еджапI1эм псоми щ1ыIэнущ. Тек1уэныгъэ Инвар ильэс 65-рэ зэрырик1ъуэ теухуа зэхьыхьэхэм ахэр еджапI1эхэм я л1ыкI1эхэм щ1ыIэпахынущ ик1и дэтхэнэ школми Iуэхум хиль1ьэнущ езым и бэльтоку щ1ык1у, щ1эщ1э щ1ыхэдык1ауэ, апхуэдэуи «Мамырыгъэм хуэгъэпсау» тхылъым ит сабий хьэпсапI1эхэми кьащ1ыхэхъуэнущ. Акцэм и к1эухыу а сэлэт бэльтоку щ1ык1у псори зыуэ зэпадэжынурэ Налшык къал1э и ветеранхэм я Советым тыгъэ хуащ1ынущ ик1и нымым хуэдэу ветеранхэм абы щ1ах1ынущ. Ныбжьыщ1эхэм мамырыгъэм хуэзнэ1а я хьэпсапI1эхэр республикэпсо Фэеплъ тхылъым щ1ыIэхуахьэсынущ.

Тек1уэныгъэм и махуэщхуэм хуэгъэпса апхуэдэ зэхьыхьэ иджыблагъэ щек1ыжк1ащ Налшык. Акцэм и нэщэнэ нэхъыщхьэхэр къал1эм и пщ1ыхь№1-м и гъэсэнхэм абы щратащ курыт школ №4-м. Зэ1уIэм къарагъэблагъат Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я Налшык къал1э зэгухьэныгъэм и унафэщ1 Абдулдаев Мустэфа, ветеранхэу Серяковым Николай, Серяковым Борис, Рябых Алексей, Попиневская Я1двиг сымэ. Хьэщ1эхэр гуапэу ирагъэблагъащ курыт школ№4-м и унафэщ1 Iэтыуэгъ Iемэ, етыуанэ, зэ1ущ1эхэм, абыхэм я гъэсэнхэм.

Ветеранхэр тепсэлъыхьыжащ я зауэ гъуэгуанэхэм. Сабийхэм хуабжьу хьэлэмэт ящ1ыхьащ Белоруссием и партизану щыта Попиневская Я1двиг абыхэм яхуиIуэтэжа хьыбарыр. Зауэм щы1щ1дзам щы1ыгъуэ Я1двиг ильэс 14 ирикъуа къудейт, ит1ани ар мышынэу партизанхэм яхьыхьащ, къэкI къымыIэнэу бийм езэуащ.

- Гуапэ лей тщ1охъу, ныбжьыщ1эхэ ц1ыкIухэ, дызэрыфщымыгъупщэр. Дэ ди нэгу щ1эк1ам хуэдэ фымыгъаIуэу гъащ1э кIыхь, насыпыф1э кьыхэзыщ1эну дыныводхуэхъуэ, - жи1ащ Попиневскэм.

Ветеранхэр концерт дахэ ирагъэпл1ащ. Зэ1уIэм и к1эухыу ергъэджак1уэ хэмрэ еджак1уэ ц1ыкIухэмрэ абыхэм фэеплъ тыгъэхэр хуащ1ащ.

Акцэм щыпащэнущ къал1эм и курыт школ №5-м.

К1ЭРЭФ Каринэ.

● КъБР-м и Президентым и пощт

Уи гу къабзагъэм папщIэ фIыщIэ пхудощI

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен и интернет-хэщIапIэм (www.presidentkbr.ru) щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ и 15 пщIондэ щIыхь 75-м зыхуагъэзащ. Абыхэм ящыщу 24-р псэупIэм теухуащ. Процент 23-р щIыпIэхэм щекIуэкI дэжьыгъэхэмкIэ арэзыкъым, процент 15-р Iуэху епIыкIэхэмрэ проектхэмрэ, процент 9-р ЖКХ-м, процентищ 8-р егъэджэныгъэм, процентищ 5-р узынщагъэр хъумэным ехьэлIащ, процент 7-р фIыщIэ тхыгъэщ.

Бахьсэн кьалэм щыщ **Iэхьуфбэч Заурбэч** КъБР-м и Президентым йолъэIу транспорт налогым хамыгъэхъуну. Республикэм и Правительствэм и Iэдакъэщи и яп къуэдзэ **Темирканыжь Мурат** къызэрилъытэрэмкIэ, мы зэманым йолэжь «Транспорт налогым и Iуэхукъе» КъБР-м и Законым зэхъуэжьIыныгъэхэр зэхльхьэным теухуа законопроектым ехьэлIауэ Кьэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм игъэхъэзыр унафэм и проектыр зэхуэгъэIуэным. Сыту жыIэмрэ, а тIыпыр къыщыгъэхъунур Урысей Федерацым и Законым зыхуэфащэ зэгъэзэхуэжьыныгъэхэр игъэуэта ящыкIэщ.

Къарэсу кьуажэм щыпсэу **Герговэ J.Л.** Бабугент - Къарэсу автомобиль гъэгурэхэм я щыткIэм егъэпейтей. КъБР-м транспортымкIэ, связьымрэ гъэпсыкIагъэхэмкIэ и министр **Суни Ануарбий** зэрыжиIамкIэ, Къарэсуэр Безенгирэ зэпыщIэ щIыпIэр зыхьыхь Бабугент - Безенги автомобиль гъэгурэ зэгъэпэщыжьыным теухуа лэжьыгъэ ихъыщIыхьэхэр зэфIагъэкIащ. Километр 16,7-м асфальт тралъхьащ, гъэуэгу дамыгъэхэр щагъэуващ, зэрызэхагъэщхьэхуэ Iэмалхэр щагъэнэIуащ, Шэрэдж псым тель лъэмыжьыр зыхуей хуагъэащ. Зыхуэфащ мылъкур къаIэрыхьэмэ, я мыгъэрей программэм хагъэхьэнурэ, Бабугентрэ Къарэсуэрэ яку дэлъ километр 12,3-р зэрагъэпэщыжьынущ, Безенги щIэ лъэмыжьр ремонт ящIынущ.

Шэджэм Ипщэ кьуажэм и Iэтащхьэ **Кулиев Ибрахьим** Кьанокъуэ Арсен фIыщIэ къыхуеIуI, кризисым щхьэкIэ къэмынуу, къуршым иц Эль-тюбю жылагъуэ щIыкIум амбулаторэ щыхуэнным и Iуэхур республикэм и мыгъэрей инвестицэ программэм зэрыхигъэхьам папщIэ, Апхуэдэу ар Президентымрэ абы и унафэгъэмрэ Итъсыщ1эмкIэ кьехьуэхуащ.

КъБР-м и Президентым и щIэкIэ къэкIуащ тхэвондомкIэ «Iуащхьэмахуэ и Кубокыр» III Дунейпсо зэхьэзэхуэр нэгъабэ екIуу кьызэрызэрагъэпэщам теухуа фIыщIэ тхыгъэ. Кьапщтэмэ, Урысейм тхэвондомкIэ и зэгухьэныгъэм и президент **Терехов Анатолий** мыпхуэдэу кьыкегъэщ: «Дэ иджыри зэ ди нэгу щIэкIащ Кьэбэрдей-Балькъэрыр Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм тхэвондом и хэщIапIэ щыхъэн зэрыхуей». Апхуэдэу Кьэбэрдей-Балькъэрымрэ абы и унафэщIэмрэ псалъэ гуапэхэр кьыхужаIащ Армением и «Торк» клубым, IшэщIэн Республикэм тхэвондомкIэ и федерацэм я президентхэу **Аветисян Арсен, Моцуев Залымхан,** «Белгороссеем тхэвондомкIэ и федерацэ» жылагъуэ организацэм и унафэщI **Иванюк Василий**сымэ.

Налшыкдэс **Шыбэныкъуэ Жанн** КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуещI куэд щIауэ зыщIэхъуэпсэ компьютерыр Илъэсыщ1эм ирихьэлIэу тыгъэ зэрыхуищIам папщIэ.

Малкэ кьуажэм щыпI **Пщыкуп Эммэ** игу ирихьащ нэгъабэ кьыдэкIа «Мужской характер» журналым и 21-нэ номерым тралдза интервьюр: «Уиэм исхэр деджащ «Республикэм щыпсэу псори зы унагъэщхьэщ» псалъащхьэм щIэт тхыгъэм икIи ди лъахэм и лъапIагъэмрэ Iэ, ди Президентым, уи зэфIэкIымрэ ди щхьэр лъагэу дагъэлъагъэжащ. Уи гу кьабзагъэм, Iущагъэм, хьэлэдагъэм папщIэ фIыщIэ пхудощI!»

Сабий ахьышэм теухуауэ итхам кьызэрыпэджэжам щхьэкIэ **Быгуэ Эвелин** фIыщIэ ещI: «СызыщIэупщIам куууэ сыхичъэгъуаззу КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и кьуэдзэм арэзы сыкъэзыщI жэуап кьызитыжащи, ину берычэт бесым ебжьи1э?»

Кьэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и интернет-хэщIапIэм нэгъабэ щIыхь 2598-м зыхуагъэзащ (2008 гъэм - 1899-м). Процент 36-р псэупIэ Iуэхум, процент 6-р узынщагъэр хъумэным, процент 16-р ЖКХ-м, процентищ 7-р егъэджэныгъэм, процент 21-р щIыпIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэхэмкIэ зэрымыарэзым теухуащ. Процент 11-р дэжьыгъэ зыщхьэхуэм ехьэлIауэ щIыхь, процентищ 3-р КъБР-м и Президентым фIыщIэ хуэзыщI тхыгъэщ.

Кьэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и сайтым и «Интернет-хэщIапIэ» IыхьэмкIэ республикэм щыпсэу дэтхэнэми абы зыхуигъазэ зэрыхьэнур фигу кьыдогъэкIыж. Кьанокъуэ Арсен тхыгъэ псоми кьоджэ. УпщIэ е лъэIу зыщIымыгъуэр жуап хуэныкъуэкым, ауэ ахэр зытеухуахэр кьелытэ. Тхыгъэхэм ящыщ кьудыр егуГуу зэхэзыгъэкIын хуейщи, зэман токIуадэ.

Абы кьыдэкIуэу, Президентым министрствэхэмрэ ведомствэхэмрэ кьалэн ящещI фызыгъэшIейтейкIэр зэнкъарыну. Абыи зэман хуейщи, зыфIищIыну фыкъыхуодожэ. КьызэрытлъытэмкIэ, мазэкIэ фежьэрэ жэуап тэмэм кьыфIэрыхьжмэ нэхъыфIщи, сэбэн зыпымылъ тхыгъэ кьыфхуэкIуэж нэхъ рэ.

НЫР Залиф,
КъБР-м и Президентым Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Хъыбар кIэщIхэр

Атлетикэ псынщIэ

Псори зэгъусэу медаль 13

Щ1ышылэм и 16 - 17-хэм Краснодар кьалэм щекIуэкIащ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм атлетикэ псынщIэмкIэ и чемпионат. Абы ирихьэлIащ спортсмен 800-м щIигъу

КЪЭБЭРДЕЙ -Балькъэрым и командэ кьых эхам хэту зэхьэзэхуэм зыкьыщIалъхьэ зэгъусэу спортсмен 19-м. Ди республикэм атлетикэ псынщIэмкIэ и спортсмен нэхъ лъэрызехьэхэр зыгъэсэныгъэхэм зэрыщыIэм кьыхьэкIкIэ абы хэмытами, адрейхэми екIуулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэрагъэхьащ.

Дышэ медалхэр кьахьащ Пирог Олегрэ Изковская Лерэ, ЕтIуанэ хъуэхащ Рыженкэ Ириней, Кубышенкэ Игорь, Назаренкэ Екатеринэ, Ломакэ Юрий, Жданов Игорь, Собкалэ Александр сымэ. Жэз медалхэр кьалысащ Рыженкэ Сергей, Шеповаленкэ Ангелинэ, Кустовэ Вероникэ, Кьущьхэ Залым, Гринчук Владислав сымэ.

Баскетбол

Краснодар щекIуэкIынум зыхуагъэхьэзыр

Иужьрей илъэсхэм Кьэбэрдей-Балькъэрым нэхъ зыщIужьыжьу хуежьащ баскетболым. А спорт дзэжьыгъуэмкIэ школадкIуэхэм я зэхьэзэхуэхэр мы гъэм илъэс ещанэ хьуауэ йокIуэкI.

Гъэ ЕДЖЭГъУэЩIэМ зэрыщIидзэжрэ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм хэтащ КъБР-м и екIалэхэм я гуп пащIы бжьагъэхэр. Абыхэм ящыщу финал ныкъуэм кIуа команд 14-р гупитIу ягъэщащ.

«Ищхьэрэ» гупым хэтхэм я зэIущIэхэр Нартканэ, «Ипщэм» хэтхэр Налшык щекIуэкIащ. ГупитIым пашэ щыхьуахэр мазаем Налшык щекIуэкIыну «плIым я финалым» хэтынущ. Абы щытекIуэм Кьэбэрдей-Балькъэрым и щыкъыр щIихьэрэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм баскетболымкIэ и зэхьэзэхуэу мэлыхьыхьым Краснодар щекIуэкIынум.

Дзюдо

Гуп къыхэхар зэхагъэувэ

Иджыблагъэ «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ 1991 - 1993 гъэхэм кьалъхуахэм дзюдомкIэ я республикэ зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмен 80-м нэблагъэ. Зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ ДзюдомкIэ федерацэмрэ.

ЗЫХЭТА хьэльагъэм пашэ щыхьэ дахщ Кьэзан Кьантемир (кг 55-рэ), КIэрэф Азэмэт (кг 60), Темрокуэ Iэдэм (кг 66-рэ), Тау Азэмэт (кг 73-рэ), Ныр Мухьэмэд (кг 81-рэ), Ульбашев Чэрим (кг 90), Хьэкъуэ Iэмин (кг 100), Боттаев Елдар (кг 100-м щIигъу).

Зэхьэзэхуэм кьрикIуэхэм ельытауэ щытынущ Кьэбэрдей-Балькъэрым и командэ кьыхэхар зыхуэдэнур. Ар хэтынущ дзюдомкIэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэу ДонуеРостов щекIуэкIынум. Абы яп эвиплэхэр кьыщызыхьхэр Тверь щекIуэкIыну урысейпсо зэхьэзэхуэм х этынущ.

ЖЫЛАСэ Замир.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхьэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Япэ лъэбакъуэ

● Урысеймрэ Тыркумрэ

Энергетикэ IэнатIэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэрыщIызэдаIэкIэр щIагъэхуэфащэнущ. Ар жиIащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий, Тыркум и премьер-министр Раджеп Тайип Эрдоган щыIущIам.

- УРЫСЕЙМРЭ Тыркумрэ я зэхущытыкIэхэрефIакIуэ зэпытщ. Ди сату-экономикэ зэпыщIэныгъэхэр хъарзынэщ, зэдэдэжь Iуэхуэхэм дунейпсо финанс кризисым и зэранкIэ нэгъабэ процент 40-р хэпIа пэтми, кьытхуэнари егъэлеяуэ куэдщ, уебламэ дяпэкIэ Iуэхугъуэшхуэ гъуэзэджэхэм зетпщытыну дызэгурыIуащ, - жиIащ Медведев Дмитрий.

Урысейм и Президентым зи гугъу ищI Iуэхугъуэшхуэхэм ящыщщ Самсун-Джейхан щIыдагъэ бжьамийр укъуэдиныем ди къэралыр зэрыхэхэжьыхьынур. А бжьамиймкIэ Урысейм и щIыдагъэр яIэрыхьэнущ Ипщэ Европэмрэ ЩIыкъутых Iуфэм щыIэ къэралхэмрэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, щIыдагъэр Украинэм и щIынальэм пхыкIынукъым.

«Известия» газетым зэритхымкIэ, а ухуэныгъэм текIуэдэну псом щыщу Урысейм и мылькуу процент 50-р халъхьэнкIэ гугъапIэ щыIэщ.

Апхуэдэу проектышхуэщ «Южный поток» зыфIаща щIыдагъэ-газ бжьамийм ейри. А Iуэхуэр Урысейм куэд щIауэ пхигъэкIыну и уэжь итщ, ТIыркум и унафэщIхэм яхуэзэху, абы топсэльыхьхэр. А бжьамий гъуэгур ящхуэну зэгурыIуэмэ, Урысейм и газри Европэм Iэрыхьэнущ, Украинэр зыкIи мы Iуэхум хэмытыжу. Ауэ Урысеймрэ Тыркумрэ я унафэщIхэр зэкIэ абыкIэ зэгурыIуакъым.

АРБАТОВ Павел.

Урысейм и автомобилистхэм зы IуэхуэгъэщIхэу къыопIлъэ - абыхэм Iэмал ягъэхъунущи иджырей мардэ иэхьыфI дидэхэм кьитIасэ гъуэгурэм щызекIуэну, апхуэдэ тышыгъуэм пэкIуэ уасэр ятIащ.

Зи гугъу тщIыр пщI зыщIам гъуэгур Урысейм щыгухъунухъраш. Дэнэ кьыщыщIадэнур, уасэр дапщэ зэрыхъунур? Абыхэм теухуауэ «Российская газета»-м и корреспондентыр епсэлъащ вице-премьер Иванов Сергей.

Хэт зыубыхъунур уасэ зыщIатынур сыт хуэдэ гъэуэгухэрами? ПщIэнщэу ущызекIуэ хьунущхэмрэ уасэ зыщIэтынкIэхэмрэ зэхэзыгъэкIынур хэт?

- Щыхухэм кьагурымыIуэн гуэр а Iуэху кьыхэмыкIын папщIэ, уасэ зыщIат гъэгурэхэм я унафэр Правительствэм щыIхьунущ. Урысейм и куэдкьым пщIэ зыщIэнт хьуну гъэуэгухэр, щыуагъэшхуэ къыхэхъэзмкIэ кьыфIыщIэ кьыпхуезбжэкIыфынущ: Москва - Ригэ, Москва - Минск, абы Польшэм кIуэ гъэуэгурэ хиубыдэу, Москва - Санкт-Петербург, Москва - Ростов, Краснодар щыналъэр. Аращ эрыхьурэ.

- Дапщэ-тIэ ахэр пщI зыщIат марэм къитIасэу уухэм щыщIадзэнур?

- Нэгъабэ пщIэ зыщIат гъэуэгухэр зыухуэ инвесторым и дежкIэ къэралыр щэхыпIэу къэзыгъэуэв унафэр къэущтащ, Иджыри Iуэхур зыубзыху зы унафэ кьатщтэмэ, Москва - Санкт-Петербург гъэуэгур уухэн щIэддзэнущ. Абы и фIыгъэкIэ нобэ бгъэдыхьэпIэ зимыIэж Шереметьевэ аэропортыр хуит хьужынущ. Дэ фIыуэ дыщыгъуаэзщ а аэропортым щыкIуэкIэ щIыухэр гугъу эрехьым. АтIэ, гъэуэгупщIэм и фIыгъэкIэ МКАД-эм щыщIэдзауэ аэропортым нэс дакьыкьи 5-кIэ унэсынущ. Зы светофори, зы кьуэвыIэпIи, зы гъэуэгу зэхэкIыпIи щыIэнукъым, занщIэу Шереметьевэ удольадэрэ, адэкIэ Зеленоградрэ Питеррэ унос.

Дыуухэунущ иджыри зы гъэуэгу, Одинцовэрэ транспортыр щыгэтрихьауэущыгъэмыкIуэр Минск гъэгурэмрэ кьыпекIуэкIыу. Санкт-Петербург и кхъухь екIуэлIапIэм кьыдэкIыу кьалэм кьыпэзыкIухь гъэгу тщIыну ди гуфэщI, абы хьэлъэзешэ транспортыр лейуэ дэмыкъэн хуэдэу. Мис а гъэгуущIыр мы гъэм ухуэн щIэддзэнущ.

- Дауэ водителхэм гъэуэгу уасэр зэратыну? Абы фегупсыса?

- Дунейпсом кьыщыгъэсэбэпу, а Iуэхум Iэмал зыбжанэ иIэщ. Нэхъыбэрэ кьызэрыхъураши, уасэм и процент 80-р зытыр а гъэуэгум ирикIуэращ. Ди законым кьыщыльытащ ар мылъапIэу, уебзэмэ пщIэнщэу къэзыгъэсэбэныпхъэм я Iуэхурэ. Псалъэм папщIэ, милицэм, ГИБДД-м, МЧС-м, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» ахъшэ ятынукъым. Щыхьэ кьызэрыгъэкIыжу я гугъу тщIымэ, къэзыгъэсэбэным уасэ ятыну итыныр нэхъ сфIэтэмэщ. Ар ахъшэр зи жыпIкIыжыну и дежкIэ нэхъ гурыIуэгъэщ икIи нэхъ хъэщ.

- Гъэнэм и зы километр къэкIуэну уасэ хуэдэхъэныр?

- ПщIэ зыщIат гъэуэгу зыкIэкIынущ. Ауэ иджыпстуи схуэмыIэнущ апхуэдэ гъэуэгуу яп яхуэнэм, Москва - Санкт-Петербург магистралым и яп IыхьэМ, Москва щыщIэдзауэ Зеленоград нэс зы километрым хуэдэу водителхэм ятыну сомэ 3-м щыщIэдзауэ 5-м нэс. Дауи, а уасэмкIэ куэд арэзыныкъым, итIани, кьэмыувыIэу, светофорхэм зэтрамыIыгъэу, псынщIэу ирикIуэну уасэм ахъшэмэ Iэмал кьыхуиГуэтынщ. КьыщынэмыщIауэ, гъэуэгу пщIэнщэхэри зыкIэн зэхуищIыркъым, ахэр нэхъ кьэзыщтэм пщIэ зыщIат гъэуэгум темыхьэу кьигъэсэбэпыну хуитщ.

- Щыхум жиIэнущ: сэ транспорт налогыр сот. Абы зырыхагъахъэм ящIыIуэкIэ, гъэуэгу нэхъыфIхэмэ сытраГъэхъэрыкым.

- Уэ зи гугъу пщIыр мылькум пэкIэ налогущ. Ар Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я бюджетым кIуэ ахъшэщ. А налог лIэужьыгъуэм хэгъэхъуэным е хэмыгъэхъуэным и унафэ зыщIыр щIыпIэ парламентращ. Зы закони щыжыIакъым транспорт налогым зыхь ахъшэ псори гъэуэгу ухуэным тегъэкIуэдэн зэрыгъэ.

- Транспорт налогымрэ пщIэ зыщIат гъэуэгухэм кьапэкIуэ мылькумрэ зэгIу пщIы хьуныкъэ?

- Ахэр зыкIи зэмыкIуалIэ, зэпэщхьэхуэ Iуэхущ. Гъэуэгу нэхъыфI дыдэм урикIуэн папщIэ епт ахъшэр зэрыщыту а гъэуэгум текIуэджьапхъэщ. ЗэхьэкIыныгъэ гъэрэхэр зыхэлъхьэ хьунур транспорт налогращ. Псалъэм папщIэ, ар зэпхъэжкI хьунущ гъэсыныпхъэм щIиГуэ ахцизхэмкIэ. НэгъэущIу жьпIэмэ, транспорт налогыр гъэсыныпхъэм и уасэм щIыгуааУ щытынущ. Ауэ абы и унафэ зыхуэщIынур федеральнэ власткращ, транспорт налогыр гъэкIуэдыжауэ, автомашинэм игъэ литр бжьагъэм тещIыхьа акциз хабзэхэр щыгтэн уэрей хьунущи. СызэрепльымкIэ, ар захуагъэщ: уи автомашинэр кьэбгъэсэбэпмэ, налог псори пытынущ, ар и нэхъыбэм щыгтмэ, налогым тегъэкIуэдэнурэ мащIэщ. Хэт ищIэрэ, апхуэдэ унафи кьэтщтэнкIэ хьунщ.

Мы зэманым ирихьэлIэу:

Москва - Санкт-Петербург пщIэ зыщIат гъэуэгу зыухуэ-ну хуейхэм я зэхьэзэхуэм щыгтеIуащ апхуэдэ лэжьыгъэхэм куэд щIауэ пэрыт, Франдэм щыщ компаниер. Мыхьэнэшхуэ и IэщI апхуэдэ гъэуэгухэм уасэр къызэрыщыхахьну щIыкIэм, гъэсыныпхъэ щIэхъуэапIэхэу гъэуэгу дамыгъэхэр, н. къ. здэщыIэну щIыпIэхэр тэмэму къыхэхьным, нэгъэущI Iуэху куэдми я къызэгъэпэщыкIэм. Аращ хамэ къэралхэм зэхуэдэ зыщIыхуэ щIыпхъуэ компаниер дэжьыгъэр щIыпIэлъхьэри, абы я дэж зыщIыгъасэ ди Iуэхущ1апIэхэм кьыкIэлъыкIуэ гъэуэгу проектыр дзыхь хуащIын хуэдэу.

ГАВРИЛОВ Юрий.
«Известия».

Зы километр и уасэр

● Гъуэгухэр

гъуэгу зэхэкIыпIи щыIэнукъым, занщIэу Шереметьевэ удольадэрэ, адэкIэ Зеленоградрэ Питеррэ унос.

Дыуухэунущ иджыри зы гъуэгу, Одинцовэрэ транспортыр щыгэтрихьауэ ущыгъемыкIуэр Минск гъэгурэмрэ кьыпекIуэкIыу. Санкт-Петербург и кхъухь екIуэлIапIэм кьыдэкIыу кьалэм кьыпэзыкIухь гъэгу тщIыну ди гуфэщI, абы хьэлъэзешэ транспортыр лейуэ дэмыкъэн хуэдэу. Мис а гъэгуущIыр мы гъэм ухуэн щIэддзэнущ.

- Дауэ водителхэм гъэуэгу уасэр зэратыну? Абы фегупсыса?

- Дунейпсом кьыщыгъэсэбэпу, а Iуэхум Iэмал зыбжанэ иIэщ. Нэхъыбэрэ кьызэрыхъураши, уасэм и процент 80-р зытыр а гъэуэгум ирикIуэращ. Ди законым кьыщыльытащ ар мылъапIэу, уебзэмэ пщIэнщэу къэзыгъэсэбэныпхъэм я Iуэхурэ. Псалъэм папщIэ, милицэм, ГИБДД-м, МЧС-м, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» ахъшэ ятынукъым. Щыхьэ кьызэрыгъэкIыжу я гугъу тщIымэ, къэзыгъэсэбэным уасэ ятыну итыныр нэхъ сфIэтэмэщ. Ар ахъшэр зи жыпIкIыжыну и дежкIэ нэхъ гурыIуэгъэщ икIи нэхъ хэщ.

- Гъэнэм и зы километр къэкIуэну уасэ хуэдэхъэныр?

- ПщIэ зыщIат гъэуэгу зыкIэкIынущ. Ауэ иджыпстуи схуэмыIэнущ апхуэдэ гъэуэгуу яп яхуэнэм, Москва - Санкт-Петербург магистралым и яп IыхьэМ, Москва щыщIэдзауэ Зеленоград нэс зы километрым хуэдэу водителхэм ятыну сомэ 3-м щыщIэдзауэ 5-м нэс. Дауи, а уасэмкIэ куэд арэзыныкъым, итIани, кьэмыувыIэу, светофорхэм зэтрамыIыгъэу, псынщIэу ирикIуэну уасэм ахъшэмэ Iэмал кьыхуиГуэтынщ. КьыщынэмыщIауэ, гъэуэгу пщIэнщэхэри зыкIэн зэхуищIыркъым, ахэр нэхъ кьэзыщтэм пщIэ зыщIат гъэуэгум темыхьэу кьигъэсэбэпыну хуитщ.

- Щыхум жиIэнущ: сэ транспорт налогыр сот. Абы зырыхагъахъэм ящIыIуэкIэ, гъэуэгу нэхъыфIхэмэ сытраГъэхъэрыкым.

- Уэ зи гугъу пщIыр мылькум пэкIэ налогущ. Ар Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я бюджетым кIуэ ахъшэщ. А налог лIэужьыгъуэм хэгъэхъуэным е хэмыгъэхъуэным и унафэ зыщIыр щIыпIэ парламентращ. Зы закони щыжыIакъым транспорт налогым зыхь ахъшэ псори гъэуэгу ухуэным тегъэкIуэдэн зэрыгъэ.

- Транспорт налогымрэ пщIэ зыщIат гъэуэгухэм кьапэкIуэ мылькумрэ зэгIу пщIы хьуныкъэ?

- Ахэр зыкIи зэмыкIуалIэ, зэпэщхьэхуэ Iуэхущ. Гъэуэгу нэхъыфI дыдэм урикIуэн папщIэ епт ахъшэр зэрыщыту а гъэуэгум текIуэджьапхъэщ. ЗэхьэкIыныгъэ гъэрэхэр зыхэлъхьэ хьунур транспорт налогращ. Псалъэм папщIэ, ар зэпхъэжкI хьунущ гъэсыныпхъэм щIиГуэ ахцизхэмкIэ. НэгъэущIу жьпIэмэ, транспорт налогыр гъэсыныпхъэм и уасэм щIыгуааУ щытынущ. Ауэ абы и унафэ зыхуэщIынур федеральнэ власткращ, транспорт налогыр гъэкIуэдыжауэ, автомашинэм игъэ литр бжьагъэм тещIыхьа акциз хабзэхэр щыгтэн уэрей хьунущи. СызэрепльымкIэ, ар захуагъэщ: уи автомашинэр кьэбгъэсэбэпмэ, налог псори пытынущ, ар и нэхъыбэм щыгтмэ, налогым тегъэкIуэдэнурэ мащIэщ. Хэт ищIэрэ, апхуэдэ унафи кьэтщтэнкIэ хьунщ.

Мы зэманым ирихьэлIэу:

Москва - Санкт-Петербург пщIэ зыщIат гъэуэгу зыухуэ-ну хуейхэм я зэхьэзэхуэм щыгтеIуащ апхуэдэ лэжьыгъэхэм куэд щIауэ пэрыт, Франдэм щыщ компаниер. Мыхьэнэшхуэ и IэщI апхуэдэ гъэуэгухэм уасэр къызэрыщыхахьну щIыкIэм, гъэсыныпхъэ щIэхъуэапIэхэу гъэуэгу дамыгъэхэр, н. къ. здэщыIэну щIыпIэхэр тэмэму къыхэхьным, нэгъэущI Iуэху куэдми я къызэгъэпэщыкIэм. Аращ хамэ къэралхэм зэхуэдэ зыщIыхуэ щIыпхъуэ компаниер дэжьыгъэр щIыпIэлъхьэри, абы я дэж зыщIыгъасэ ди Iуэхущ1апIэхэм кьыкIэлъыкIуэ гъэуэгу проектыр дзыхь хуащIын хуэдэу.

ГАВРИЛОВ Юрий.
«Известия».

Урысейм и автомобилистхэм зы IуэхуэгъэщIхэу къыопIлъэ - абыхэм Iэмал ягъэхъунущи иджырей мардэ иэхьыфI дидэхэм кьитIасэ гъуэгурэм щызекIуэну, апхуэдэ тышыгъуэм пэкIуэ уасэр ятIащ.

Зи гугъу тщIыр пщI зыщIам гъуэгур Урысейм щыгухъунухъраш. Дэнэ кьыщыщIадэнур, уасэр дапщэ зэрыхъунур? Абыхэм теухуауэ «Российская газета»-м и корреспондентыр епсэлъащ вице-премьер Иванов Сергей.

Хэт зыубыхъунур уасэ зыщIатынур сыт хуэдэ гъэуэгухэрами? ПщIэнщэу ущызекIуэ хьунущхэмрэ уасэ зыщIэтынкIэхэмрэ зэхэзыгъэкIынур хэт?

- Щыхухэм кьагурымыIуэн гуэр а Iуэху кьыхэмыкIын папщIэ, уасэ зыщIат гъэуэгухэм я унафэр Правительствэм щыIхьунущ. Урысейм и куэдкьым пщIэ зыщIэнт хьуну гъэуэгухэр, щыуагъэшхуэ къыхэхъэзмкIэ кьыфIыщIэ кьыпхуезбжэкIыфынущ: Москва - Ригэ, Москва - Минск, абы Польшэм кIуэ гъэуэгурэ хиубыдэу, Москва - Санкт-Петербург, Москва - Ростов, Краснодар щыналъэр. Аращ эрыхьурэ.

- Дапщэ-тIэ ахэр пщI зыщIат марэм къитIасэу уухэм щыщIадзэнур?

- Нэгъабэ пщIэ зыщIат гъэуэгухэр зыухуэ инвесторым и дежкIэ къэралыр щэхыпIэу къэзыгъэув унафэр къэущтащ, Иджыри Iуэхур зыубзыху зы унафэ кьатщтэмэ, Москва - Санкт-Петербург гъэуэгур уухэн щIэддзэнущ. Абы и фIыгъэкIэ нобэ бгъэдыхьэпIэ зимыIэж Шереметьевэ аэропортыр хуит хьужынущ. Дэ фIыуэ дыщыгъуаэзщ а аэропортым щыкIуэкIэ щIыухэр ерэхьым. АтIэ, гъэуэгупщIэм и фIыгъэкIэ МКАД-эм щыщIэдзауэ аэропортым нэс дакьыкьи 5-кIэ унэсынущ. Зы светофори, зы кьуэвыIэпIи, зы

● Къэрал Iуэху

ТIорысэр - щIэкIэ

Программэр сыт хуэдэу лэжьэнуми псом ящI зэпытар Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэрращ. Министерствэм и сайтым зэпкърыхауэ кьыщегъэлъагъуэ дилерхэм щыхуэхэми яIэжьын хуей Iуэхугъуэ псори. Мыгувэу хъэщIыр хъунущ машинэжьыр зэрыIахамкIэ щыхьэт тхылъхэм, ар учетым ирахыу я дежь щахъэмэ, щэхуэкIуэхэм кьыхаха автомашинэщIэхэр Iэрагъэхьэжыну дилерхэр хуит зыщIынну зэгурыIуныгъэм я бланкхэр.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ, нэхъ пуду ящэхну хуит зыхуищI автомобиль лIэужьыгъуэхэр 65-м ноблагъэ. Абы хеубыдэ хамэ къэралхэм кьыщагупсыса лIэужьыгъуэхэу нобэ Урысейм щызэпкъралъхьэхэри. Ауэ апхуэдэм хиубыдэну автомашинэхэми мы Iуэхур зезыхьэну хуит ящIыну дилерхэми я спискэхэр щIэжьри зубыхуакъым, зы мазэм кьриубыдэу а щыхьэт тхылъыр ягъэхъэзыру, абы екъэдIа унафэр Урысейм и Правительствэм кьищтэн хуейуэ аращ. Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэр хущIокъу а спискэм кьэралым и автозавод псори дилеру хэгъэхьэным. НобэкIэ я яубзыхуар автомобилькъыр утилизацэм епту автотранспортыщIэр кьыпIэрыхьэжьыным текIуэдапхъэ пIаIэрращ. А Iуэхур зэфIэкIын хуейщ махуищым щегъэжьауэ махуитхум кьриубыдэу, щыIахри, кьыщащэху IуэхущIапIэри зы щIынальэм щыIэмэ.

Программэм и Iыхьэ нэхъ гуэрщ гъущIыкIэм елэжьыну Iуэхущ1апIэхэр къэралым кьыщызэгъэпэщынращ. Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэм кьызэригъэлъагъэуэмкIэ, нобэкIэ апхуэдэу щыIэр 20-м щIигъурэкъым. Абыхэм ятеухуа унафэ щхьэхуэ Урысейм и Правительствэм мыгувэу кьищтэнущ. Уебламэ, мы гъэм фокIадэм и 1 хьуху Промышленностымрэ сатумкIэ министерствэм игъэхъэрыру Правительствэм Iэригъэхъэн хуейщ адэкIэ бгъэлажьэ мыхьужыну автотранспортыр зэхухьэсауэ утилым гъэкIуэныр Урысейм кьыщыщIэзыгъэпэщ системэ псом и проектыр. Ар и щыхьэт епIыкIэ фIэкIа зэрымыдэжьэнум тещIыхьауэ программэр кьызэрамыщтэм, гъэ кьэс нэхъ зиужьуэрэ, утилизацэм и пунктхэр дызэрэжа Iуэхущ1апIэ иIэхэ щIэжьанэ нэхъ дэмыкIыу зэрыхъун хуейм.

ЗЫКОВЭ Татьян.

● ГъэщIэгъуэнщ



И гъагагъыр сантиметр 213-рэ, и хьэгъагъыр килограмм 146-рэ зэрыхъуэм къыхэкIыу Валуев Николай «Урысей инышъкIэ» йоджэ. Ар дуней псом и боксер нэхъ гъэрызехьэхэм ящыщым къыщымынэу икIи актерщ. Абы роль нэхъыщхьэр щитгъэзэщIаш Янковскэ Филипп триха «Каменная башка» фильмым.

«Эхо планеты» журналым къытхыжащ.

● Бжьыгъэхэр

Хамэ къэралхэр дгъэшхэну?..

Егупсысауэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм ипкъ иткIэ, Урысей Федерацэм игъэмащIэ зэпытщ хамэ къэралхэм къыщыщIэ Урысейм и бжьыгъэхэр я бюджетым. Федеральнэ таможнэ Iуэхущ1апIэм къызэритыжащ, нэгъабэ и щIышылэ-щэкIуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу ди къэралым къащэ лыхэкIым хэщIащ процент 21,9-рэ. Зыхэпсыпхъэ нэхъ щIыкIэ зэрыщIэтыжащ, гъэшхэкIыу, нэгъуэщI ерыскъы лIэужьыгъуэу хамэщIхэм къыщащэжри. Аналитикэм къызэрэлъытэмкIэ, ар дунейпсо кризисым и Iуэужьхъым, атIэ ерыскъым епхауэ лажьэхэм я Iуэхур къэралым зэриткIуатэм къыпкIэуа екъуIэныгъэщ.

ХАМэ къэралхэм фIэкIа щymыгъуэтыну ерыскъыхэкIыу Урысейм кIуэ пэтми нэхъыбэу кьыщагъэсэбэпыр кьыхэхуащ.

- Экспортым елэжь псоми я щэхуакIуэхэм я щэхуакIуэхэм ящыщ куэд яфIэкIуэдащ. Ар псом япэ кьызыхэхкIыр дунейпсо экономикэ кризисращ. Абы и зэранкIэ щIыхуэм кьахэхьуэ ахъшэм куэду хэщIащ, предприятэхэм кредитхэр япэм ящадзу кьыхуэщIащ, нэхъыбэ щIэхъуэ-циацэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Юшин Сергей.

Итани, абы и псалъэхэм я тепщIыхьымэ, ди къэралым лыхэкI кьыщыщIэзыгъэкIым ямыхьэжу яхуэхуэщащ нэгъабэ и щIышылэм щыIа оптовэ уасэхэр, Уеблэмэ лыхэкIыу къэралым кьашэм зэрыхэщIар абыхэм сэбэп яхуэхъуащ езыхэм зыкъэзIэтыныжмкIэ.

Абы щыгъуэми, «Мэзыуэращщ» Урысей» щыхуэбэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Ларионов Дмитрий кьелъытэ лыхэкIыу хамэ къэралхэм кьыщащэхур нэхъ мащIэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэр щэхуакIуэхэр зыщIэупщIам и фIагъым зэрызэхэзыфIэрэуэр. Кризисым ящэ ирихуIащ нэхъ гъуэтыгъуэй, нэхъ лъапIэ ерыскъыхэкI